

Seksyon 1. Enstriksyon ak Definisyon

Tanpri soumèt Aplikasyon Lotri NHI la ansanm avèk tout dokiman sipò ki endike anba nan yonsèl pake. Nap aksepte aplikasyon yo sou yon baz kontinyèl byenke pwojè endividyèl yo kapab genyen yon delè limit spesifik pou aplikasyon yo.

Nou ankouraje aplikan yo **anpil** pou soumèt pake yo elektwonikman.

1. Soumisyon Aplikasyon Anliy

Tanpri nonmen dokiman w lè ou itilize fòm konvansyon non BHC: **Prenon dezyèm prenon ak Non Fanmi** (pa egzanp: **M Smith**). Tanpri soumèt repons ou kòm yonsèl PDF si ou kapab. Si ou dwe soumèt plizyè dokiman, tanpri ajoute sou non dokiman an yon nimewo kap konte pou tout pati nan dokiman an (pa egzanp: **M Smith 1** ak **M Smith 2**).

Enstriksyon pou Telechaje dokiman

1. Nan navigatè, URL: <https://tranfer.boston.gov> (yon grafik ak mo parèt-“File Server” – Serv-U”).
2. Antre **non itilizatè: BHC_HomeLotteryApplication** ak **modpas: ownahome#**; Klike “Konekte
3. Chwazi “Telechaje”; klike sou “Choose File”; chwazi dosye wap telechaje a; klike sou “Open”; klike sou “Telechaje”;
4. Apre ou fin telechaje dosye a, ou pral retounen sou ekran “Choose File” klike sou “Close”.

Remake: Ou pa pral resevwa yon konfimasyon ke telechajman an te reyisi e ou kapab menm resevwa yon mesaj pa erè. Tanpri konfime nou resevwa konfimasyon lè ou voye yon demann pa imèl nan HomeCenter@boston.gov.

Depi ou fin telechaje soumisyon an, ou pa p gen aksè ankò nan fichye ou fin telechaje a. Si ou bezwen modifiye dokiman w, ou pral gen pou resoumèt dokiman an, swiv enstriksyon sa yo depi nan kòmansman

2. Soumisyon pa lapòs

Voye pa lapòs nan:

Boston Home Center
NHI Application
26 Central Avenue
Hyde Park, MA 02136

Remake: Si wap ranpli aplikasyon sa a avèk yon telefòn selilè, tanpri telechaje aplikasyon gratis *Adobe Fill & Sign* sou [iPhone](#) oswa [Android](#). San ou pa itilize aplikasyon sa a, li pral difisil pou ranpli aplikasyon an sou telefòn ou.

Tanpri soumèt kopi dokiman ki annaprè yo avèk Aplikasyon sa a:

- Dokiman sou revni pou tout sous revni yo pou chak ak tout manm nan kay la ki gen laj 18 ane oswa plis. Kalite dokiman sa gen ladan, men li pa limite nan, kopi souch chèk, peman pou pansyon alimantè timoun, ak revni sekirite sosyal pou twa (3) dènye mwa youn dèyè lòt.
- Dokimantasyon byen pou tout manm nan kay la. Sa a gen ladan kopi relve pou pou twa (3) dènye mwa youn dèyè lòt tout kont nan bank ak/oswa kredi lnyon, 401(k), oswa nenpòt lòt relve kont byen.
- Lèt Apwobasyon preyalab aktyèl yon pretè ipotekè pou yon kay yonsèl fanmi, de fanmi oswa kondò pou yon prè ipotèk 30-ane fiks avèk yon Prè a Valè (LTV) rapò ki mwens pase oswa egal nan 97%. Pre-apwobasyon an dwe pou yon kantite lajan ki ase parapò a pri dacha an mwayèn NHI.
- Kopi twa (3) dènye ane deklarasyon revni federal (enkli anèks ak W-2 yo) pou tout manm adilt nan kay la.
- Deklarasyon moun ki pa gen revni, si aplikab.
- Deklarasyon moun ki pa gen pansyon alimantè pou timoun, si aplikab.
- Dokimantasyon rezidans Boston (sètadi, tankou yon kontra lwaye oswa bòdwo sèvis piblik.
- Dokimantasyon Sètifikasyon Atis (Lèt Sètifika Atis ki soti nan Biwo Ar & Kilti Majistra, oswa, si li toujou valab, yon lèt ki soti nan BPDA.)
- Dokimantasyon pou Preferans Andikap (Dokiman sipò ki soti bò kote yon pwofesyonèl sante ki lisansye kap trete manm nan kay la pou andikap la.)
- Si disponib, sètifikasyon oswa konfimasyon ke Aplikan an te konplete yon klas CHAPA apwouve pou moun kap achte kay, tankou achte kay 101 (ki konnen tankou "HB101").

Definisyon

Revni Kay: Enfòmasyon sou Revni Kay la gen ladan revni konbine tout moun kap viv avèk Aplikasyon an nan kay la. Revni an dwe gen ladan tout sous revni (yo) ak kantite lajan brit aktyèl pa ane ki soti nan nenpòt sous, alafwa revni taksab ak non-taksab, sa ki enkli men ki pa limite nan: peman oswa salè, lè siplemantè, IRA oswa distribisyon 401K, travay atan pasyèl, bonis, dividand, enterè, anwite, pansyon, Konpansasyon Administrasyon (VA), revni lwaye brit oswa kontra lwaye, komisyon, revni difere, peman byennèt sosyal, benefis Sekirite Sosyal, peman pou andikap, alimoni, peman pou pansyon alimantè timoun, asistans piblik, peman pou maladi, konpansasyon chomaj, ak revni ou te resevwa nan fidisi, aktivite biznis, ak investisman.

Pou nenpòt fanmi ki gen yon pitit (anba laj 18 ane) kote aplikasyon an oswa ko-aplikasyon pa resevwa pansyon alimantè pou timoun, tanpri ranpli yon deklarasyon ki pa gen pansyon alimantè pou timoun epi soumèt deklarasyon an avèk aplikasyon sa a.

Pou manm nan kay la ki gen laj dizwit (18) ane oswa pi gran ki pa gen revni, tanpri ranpli yon Deklarasyon ki Pa-gen revni pou manm kay sa epi soumèt deklarasyon an avèk Aplikasyon sa a.

Rezidan Boston: vle di yon aplikasyon oswa ko-aplikasyon, nan moman aplikasyon pou yon inite lojman a bon mache se yon rezidan dokimante aplentan nan Vil Boston.¹

Prèz rezidans Boston pral gen ladan kopi sèvis piblik, anrejistreman veyikil, ak/oswa kopi kontra lwaye yo kote Aplikasyon an se te lokatè a.

Verifikasyon Rezidans nan Etazini: Omwen yon aplikasyon dwe gen estati rezidans legal nan Etazini swa kòm sitwayen ameriken, rezidan pèmanan (sètadi., aplkan an gen yon "kat rezidans") oswa lòt estati rezidan alontèm oswa viza nan dat aplikasyon an.

Aplikasyon elijib la ta dwe bay omwen youn nan dokiman ki annaprè a pou dokimante rezidans nan Etazini; deklarasyon, divilgasyon aplikasyon, batistè, paspò, dokiman natiralizasyon, dokiman rezidan etranje, ak/oswa lòt dokiman DND jije sifizan.

Limitasyon Byen: Yo ka jije aplikasyon inelijib si total byen kay la ki konbine plis pase \$75,000. Anplis de sa, pa plis pase mwatye (50%) nan byen achtè a ki ta otreman elijib kapab nan fòm yon kado. Tout byen yo keseswa nan lajan kach, ekite nan byen imobilye, fon investisman oswa nenpòt lòt kalite atik valè ap enkli nan detèminasyon byen yo. Sèl eksepsyon nan sa se fon retrèt gouvènman apwouve ak plan epay kolèj. Sèlman si yon kont retrèt oswa plan epay kolèj dwe likide pou sipòte acha kay la èske yo pral ajoute l nan kalkil byen an.

¹ Ekskli rezidans tanporè nan koulwa rezidans inivèsite yo oswa lòt sitiyasyon lojman tanporè menm jan.

Si yon byen nesèsè nan sous revni prensipal achtè a, tankou yon biznis achtè a posede, kèk oswa tout byen yo kapab egzante nan kalkilasyon an sèlman nan nivo kote sa nesèsè pou kenbe sous revni achtè a.

Moun kap achte kay Premye fwa ap vle di aplikan an, ko-aplikan an oswa konjwen an pa t janm posede annatye oswa anpati yon kay rezidansyèl sof dapre sikonstans ki annaprè yo:

- *Paran Selibatè ki Divòse Legalman.* Yon paran selibatè ki geneyen gad legal prensipal² timoun minè oswa ki ansent, ki te posede anvan annatye oswa an pati yon kay rezidansyèl men yo pa gen okenn dwa ankò nan pwopriyete la akòz yon akò separasyon ki legalman obligatwa oswa,
- *Eritaj.* Yon kay ou resevwa annatye oswa an pati, yon kay rezidansyèl kòm yon eritaj men aktyèlman li pa gen dwa legal nan sa oswa nenpòt lòt kay rezidansyèl.
- *Kay Mobil.* Yon kay ou te posede annatye oswa an pati yon kay mobil men ou lwe teren an kote kay la te lokalize.
- *Sèten Fòm Abitayon Koperativ.* Byenke pwopriyete yon abitasyon koperativ kapab konsidere nòmalmman kòm yon pwopriyete. Gen sèten fòm koperativ ki pi pwòch lojman lwaye pase pwopriyete. Sèlman koperativ kote aksyonè yo te resevwa yon dediksyon taks enterè ipotèk nan IRS ap konsidere tankou kòm kay pou rezon règleman.

Gwosè Minimòm Kay la ap egal a kantite chanm akouche nan pwopriyete a mwens youn.

Kay vle di tout moun ki okipe yon inite lojman. Okipan yo kapab kay yonsèl fanmi, yon moun kap viv poukont li, de oswa plis fanmi kap viv ansanm, oswa nenpòt lòt gwoup moun ki gen rapò oswa ki pa gen rapò ak moun ki pataje aranjman lavi.

Pretè kap Patisipe nan DND: Moun kap achte kay pou premye fwa ki vle patisipe tou nan Pwogram Asistans Finansye Vil Boston, ap bezwen itilize yon Pretè Ipotekè Patisipan [Participating Mortgage Lender]. Wap jwenn yon lis [isit la](#). Aplikan yo ki pa bezwen itilize yon Pretè Patisipan si yap aplike sèlman nan Pwogram NHI.

Pwogram Revni Medyan Maksimòm NHI: Pwogram Limit Revni etabli pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini [US Department of Housing and Urban Development (HUD)] e yo sijè nan chanje. Limit Revni Maksimòm pou

² Enkli gad pataje

patipasyon nan Inisyativ Kay Neighborhood la se 100% nan revni mwayèn. Men, gen kèk inite ki kapab gen limit revni ki pi ba.

Men lyen nan limit revni aktyèl HUD.

Règleman lojman DND yo sijè a chanje; règleman ki anplas nan moman aplikasyon lotri a pral chanje.

Seksyon 2. Done Kay– Tanpri ranpli pou chak ak tout moun ki pral viv avèk Aplikan an nan nouvo kay la.

****Tanpri enprime, li avèk anpil atansyon, epi reponn tout kesyon yo. Siyati w obligatwa nan fen aplikasyon sa a.****

Enfòmasyon Achtè:

Aplikan _____
 Prenon Dezyèm Prenon Non Fanmi

Nimewo Sekirite Sosyal: _____

TIN: _____

Sitwayen Ameriken?

- Wi
- Non

Rezidan Etranje?

- Wi
- Non

Adrès: _____
 Ri Vil Eta Kòd Postal

Telefòn: _____ _____
 Kay Travay

Telefòn Selilè: _____ **Imèl:** _____

Ko-Aplikan _____
 Prenon Dezyèm Prenon Non Fanmi

Nimewo Sekirite Sosyal: _____

TIN: _____

Sitwayen Ameriken?

- Wi
- Non

Rezidan Etranje?

- Wi
- Non

EPAY OSWA KALITE BYEN	KANTITE LAJAN	NON ENSTITISYON BANKÈ
A.	B.	
1. Lajan kach		
2. Aksyon/Obligasyon		
3. Sètifika Depo		
4. Depo nan tout enstitisyon finansye yo		
Kont Chèk		
Kont Epay		
5. Kado lajan pou ede avèk acha		
6. Imobilye:		Adrès:
7. Lòt:		
TOTAL		

Revni anyèl ou prevwa nan enterè se \$_____.

Edikasyon moun kap achte kay ak Rezidans Boston:

Èske ou te pran yon klas Edikasyon apwouve pou moun kap achte kay?

Wi Non

Si wi, ki dat Ekspirasyon Sètifika? _____

Èske ou enskri pou yon klas HB101?

Wi Non

Èske ou se yon rezidan Boston?

Wi Non

Èske ou se yon Atis Sètifye?

Wi Non

Si wi, tanpri dokimante: yon lèt Sètifika Atis ki soti nan Biwo Ar ak Kilti Majistra a. oswa. si li toujou valab, yon lèt sètifikasyon nan BPDA.

Èske wap chèche yon inite ki bati pou moun ki genyen andikap?

Wi Non

Si wi, tanpri bay dokiman sipò yon pwofesyonèl swen sante kap trete manm nan kay la ki gen andikap la.

Tanpri ranpli seksyon ki annaprè a pou ede nou ranpli egzijans maketing afimativ yo. Tcheke tout atik ki annaprè yo ki aplike. Repons ou volontè.

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken /Natif natal Alaska | <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken / Natif natal Alaska & Nwa oswa Afriken Ameriken |
| <input type="checkbox"/> Azyatik | <input type="checkbox"/> Azyatik & Blan |
| <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken | <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken & Blan |
| <input type="checkbox"/> Natif natal Away oswa Lòt Zile Pasifik | <input type="checkbox"/> Lòt Milti-Ras |
| <input type="checkbox"/> Blan | <input type="checkbox"/> _____ |

Èske w se Panyòl?

- | | |
|-----------------------------|------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Wi | <input type="checkbox"/> Non |
|-----------------------------|------------------------------|

Sèks: _____

Seksyon 3. Aplikasyon Deklarasyon ak Sètifikasyon

(Tanpri remake, itilizasyon singilye “Mwen” oswa “mwen” anba, va gen ladan pliryèl sizoka gen plis pase yonsèl “Achtè kay”.)

Mwen, antanke aplikan pou Lotri Inisyativ Neighborhood Home, sètifye ak garanti sa ki annaprè a:

Enfòmasyon ki nan Divilgasyon ak Deklarasyon sa a se verite, egzat ak konplè nan tout aspè yo, ak enkòpore isit la epi fè pati nan deklarasyon sa a.

Enfòmasyon sou revni kay la gen ladan tout moun ki gen entansyon pou abite nan kay mwen pral okipe a. Mwen pral enkli laj(yo), relasyon avèk mwen, sous revni (yo) ak kantite lajan anyèl brit aktyèl ki soti nan tout sous, alafwa revni taksab ak non-taksab, enkli, men ki pa limite nan: salè, èdtan siplemantè, distribisyon IRA, travay atan pasyèl, bonis, dividand, enterè, anwite, pansyon, Konpansasyon Administrasyon Veteran (VA), revni sou lokasyon oswa lwaye brit, komisyon, revni difere, prestasyon sosyal, benefis sekirite sosyal, peman andikap, alimoni, pansyon alimantè pou timoun, asistans piblik, peman pou maladi, konpansasyon chomaj. ak revni ou resewva nan fidisi, aktivite biznis, ak envestisman.

Mwen atache dokiman revni lakay mwen, pou enkli pami lòt dokiman apwopriye, Deklarasyon Taks Revni Federal, chak semèn (oswa lòt peryodik) souch chèk, oswa resi pou chak manm nan kay la ki te rive nan 18 ane.

Map achte yon kay pou premye fwa. Mwen pa t gen yon enterè sou pwopriyete nan yon kay rezidansyèl.

Mwen konprann ke Inisyativ Neighborhood Home pral chwazi achtè elijib yo pou kay pa lotri. Mwen konprann ke yo pral vann yon fanmi kay sa yo nan oswa anba 100% nan revni mwayèn. Limit revni yo atache.

Mwen konprann ke si yo chwazi m nan lotri a, Mwen dwe okipe kay la kòm rezidans prensipal mwen nan lespas 60 jou apre dat finalizasyon dokiman ipotèk la epi kontinye okipe rezidans lan kòm rezidans prensipal mwen.

Mwen konprann ke yo plase sèten kondisyon sou itilizasyon ak revant pwopriyete sa yo. Mwen konprann ke pwopriyete yo sijè nan yon Kontra Lojman a bon mache.

Mwen pa aktyèlman, ni mwen pa t pandan dènye douz (12) mwa yo, yon anplwaye nan Depatman Neighborhood Development (DND). Mwen pa yon manm fanmi pwòch yon ansyen anplwaye oswa anplwaye aktyèl nan Depatman Devlopman Neighborhood.

Mwen pa t janm koupab nan aksyon mete dife nan kay, arasman lokatè nan Tribinal Lojman oswa Lwa sou Lojman oswa vyole lwa. Aktyèlman mwen pa nan medyasyon avèk Komisyon Lojman Ekitab Boston oswa Komisyon Massachusetts Kont

Diskriminasyon. Aktyèlman mwen pa yon defandè nan yon plent kriminèl nan tribinal lojman pou yon vyolasyon lojman ekitab oswa nan yon ka dife kriminèl.

Mwen pa aktyèlman, ni mwen pa t nan tan pase, dwe (d) okenn aryere taks imobilye nan Vil Boston.

Tanpri mete inisyal nan deklarasyon ki apwopriye a:

(Mwen/Nou) pa aktyèlman, yon anplwaye nan Vil Boston. (Mwen/Nou) mwen pa yon manm fanmi pwòch (konjwen, paran, timoun oswa frè/sè) yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston.

_____ Tanpri mete inisyal

Oswa

(Mwen/Nou) se aktyèlman yon anplwaye nan Vil Boston. (Mwen/Nou) mwen/se yon manm fanmi pwòch (konjwen, paran, timoun oswa frè/sè) yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston.

_____ Tanpri mete inisyal

Si oumenm oswa yon manm fanmi pwòch se yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston, tanpri endike non anplwaye, pozisyon travay, ak departman Vil la.

Non	Pozisyon Travay	Departman Vil
_____	_____	_____
_____	_____	_____

Tanpri remake si oumenm oswa yon manm fanmi pwòch se yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston, ou pral gen obligasyon pou depoze yon fòm Konfli Enterè avèk biwo Grefye Vil la nan fason pou fèmen pwopriyete a.

Mwen okouran ke enfòmasyon ki genyen isit la sijè nan verifikasyon DND, oswa ajan li yo. Mwen pral enfòm, alekri, DND sou nenpòt chanjman nan deklarasyon ki anwo a oswa nan enfòmasyon mwen te bay avèk aplikasyon sa a.

Mwen konprann ke si mwen te fè nenpòt move deklarasyon materyèl nan reprezantasyon ki anwo a, oswa si mwen te omèt nenpòt nan enfòmasyon yo te mande a, move reprezantasyon oswa omisyon an pral konsidere kòm yon ka defo, e li kapab diskalifye m pou patisipe nan pwogram sa a.

Mwen deklare anba penalite fo temwayaj ke reprezantasyon presedan an se verite, kòrèk, egzat, konplè, ak kòrèk nan tout aspè yo.

Mwen sètifye nan dokiman sa a ke enfòmasyon mwen bay la egzat ak kòrèk nan pi bon konesans mwen.

Mwen otorize nan dokiman sa a Vil Boston pou verifye nan fason endepandan enfòmasyon nou te bay isit la epi egalman envestige dosye kredi mwen.

Siyati Aplikan: _____ Dat: _____

Siyati Ko-Aplikan: _____ Dat: _____

Pou Itilizasyon DND Sèlman

Manadjè Pwogram: _____ Dat: _____

LIS VERIFIKASYON APLIKASYON

Tanpri remake ke ou ta dwe soumèt nan yonsèl pake aplikasyon ki ranpli ak siyen an ansanm avèk tout dokiman yo mande yo. Aplikasyon ki pa konplè yo pa p elijib pou patisipasyon nan lotri yo.

Non Aplikan: _____

- Ranpli ak siyen Aplikasyon Inisyativ Neighborhood Home
- Prè tout sous revni pou tout manm nan kay la ki gen laj 18 ane oswa plis. Sa a gen ladan kopi souch chèk 3 dènye mwa yo, peman pou pansyon alimantè timoun, revni sekirite sosyal, elatriye.
- Dokiman epay ak byen pou tout aplikan yo. Sa a gen ladan kopi relve bankè twa dènye mwa yo ak/oswa kredi inyon, 401k, oswa nenpòt lòt deklarasyon byen pou tout kont yo.
- Lèt aktyèl Apwobasyon-preyalab yon pretè ipotekè pou yon kay yonsèl fanmi - oswa de fanmi pou yon prè fiks 30-ane avèk yon Prè A Valè (LTV) mwens pase oswa egal nan 97%. Apwobasyon-preyalab la dwe pou yon kantite lajan sifian pou sipòte pri dacha mwayèn nou yo.
- Kopi siyen twa dènye ane deklarasyon taks revni federal (enkli tout anèks ak W-2 yo) pou tout manm adilt ki nan kay la.
- Sètifika pou yon klas edikasyon apwouve moun kap achte kay si disponib. Tanpri remake ou dwe konplete yon kou moun kap ache kay anvan ou achte kay la.
- Prè rezidans Boston: dokiman sa a gen ladan kopi bòdwo sèvis piblik yo, kat elektoral, anrejistreman veyikil ak/oswa kopi kontra lwaye yo. Tanpri enkli, si aplikab.
- Deklarasyon moun ki pa gen revni pou nenpòt manm adilt nan kay la ki gen laj 18 ane oswa pi gran ki pa gen okenn sous revni. Tanpri enkli, si aplikab.
- Deklarasyon moun ki pa gen Pansyon Alimantè Timoun. Tanpri enkli, si aplikab.
- Dokiman Sètifikasyon Atis (Lèt Sètifika Atis ki soti nan Biwo Ar & Kilti Majistra, oswa si li valab, yon lèt ki soti nan BPDA.)
- Dokiman Preferans pou Andikap (Dokiman sipò ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante lisansye kap trete manm nan kay la pou andikap la.)